



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONTINYE AVANSE VIZYON TRANSPÒ TRANSFÒMATIF NAN DISKOU ETA LETA 2025 LA

*Kontinye gwo investisman nan Metwo Second Avenue ak pwojè kapital kritik;
modènize sèvis tren pou vwayajè Hudson Valley yo*

*Rekonekte kominote ki divize pa pwojè otowout istorik yo nan Albany ak Bronx;
kontinye investisman nan wout lokal yo*

*Amelyore sekirite pou Nouyòkè k ap vwayaje sou otowout yo, wout yo, twotwa yo
ak liy bisiklèt yo*

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a plan nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a, pou konstwi sou eritaj li nan avanse pwojè transpò transfòmatif yo. Diskou Eta Leta Gouvènè a gen ladann pwopozisyon ki ta asire investisman istorik nan sistèm transpò piblik Vil Nouyòk la, modènize sèvis tren atravè Eta a ak gwo investisman ki te planifye pou Rejyon Hudson Valley, investi nan transpò ak wout yo nan tout eta a, rekonekte kominote yo ki divize pa enfrastrikti lontan yo, amelyore sekirite nan zòn travay yo nan rann pwogram Kamera Otomatik nan Zòn Travay la pèmanan epi amelyore sekirite toupre lekòl primè yo nan Vil Nouyòk.

"Rezo transpò nou an se kolòn vètebral rezistans ekonomik Nouyòk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè envèstisman entelijan nan transpò piblik, ranfòse wout ak pon nou yo, rekonekte kominote ki te sikatrize pa move desizyon planifikasyon jenerasyon ki pase yo epi amelyore lwa nou yo pou amelyore sekirite toupato, n ap mennen nan yon avni ki pi solid pou Eta Nouyòk."

Gwo investisman pou sipòte transpò piblik

Avanse Metwo Second Avenue an ak lòt amelyorasyon

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, MTA a pral avanse yon kantite pwojè transfòmatif, tankou ekstansyon Faz 2 Metwo Second Ave an pou East Harlem, sistèm siyal modèn sou segman liy A/C ak B/D/F/M pou plis pase 1.5 milyon pasajè chak jou yo, amelyorasyon aksesibilite nan plis pase 20 estasyon, ak plizyè santèn nouvo otobis elektrik. Investisman sa yo ak lòt yo ap finanse pa pwogram pri konjesyon Nouyòk la ki se premye nan nasyon an, ki te antre anvigè 5 janvyè apre efò siksè Gouvènè a te fè

pou diminye peyaj la a 40 pousan, epi ki pral jenere 15 milya dola nan finansman transpò an mas. Pri anbouteyaj yo prevwa reyalize omwen yon rediksyon senk pousan nan kilomèt machin vwayaje ak yon rediksyon 10 pousan nan kantite machin k ap antre nan distri santral biznis Manhattan. Gouvènè Hochul ap pwopoze tou yon pake nouvo mezi ki pral ede diminye sikilasyon ak polisyon lè a atravè Vil Nouyòk ak odela.

Modernize sèvis ray pou vwayaj ki pi rapid, ki pi fyab

Gouvènè Hochul ap pwopoze yon gwo investisman nan sèvis fewovye Hudson Valley ki pral ogmante kapasite, diminye reta, epi redwi tan trajè potansyèl yo jiska 15 minit nan chak sans pou sèten trajè, epi redwi vwayaj "trè rapid" (super-express) liy Metro-North Hudson lan nan mwens pase 90 minit. Pwopozisyon an gen ladan planifikasyon, evalyasyon ak konsepsyon yon ansanm amelyorasyon enfrastrikti fewovye ant Vil Nouyòk ak Poughkeepsie, ki gen ladan pwojè tankou yon dezyèm wout nan Spuyten Duyvil, anklanchman, siyalizasyon epi travay sou wout nan Croton Harmon, epi amelyore kapasite nan Poughkeepsie Yard. Anplis de sa, MTA an ap egzekite rekonsepsyon siyalizasyon toupri Yonkers ak investisman rezistans ak klima nan segman ki pi vilnerab e ki pi frekante nan Liy Hudson nan. Pou amelyore opsyon transpò piblik yo davantaj, Eta a pral fè yon analiz transpò nan Konte Orange pou eksplòre sèvis otobis ki konekte tren Liy Port Jervis LA ak destinasyon kle yo nan rejyon an.

Travay Ak Lejislati a Pou Sipòte yon Plan Kapital MTA Transfòmatif

Gouvènè Hochul eksprime tout sipò li pou plan kapital MTA yo pwopoze pou 2025-2029 la. Plan sa a pral modènize siyal yo, kòmande nouvo vagon, reyabilite estasyon yo, amelyore aksè, enstale nouvo pòtay aksè, epi pwoteje enfrastrikti, ansanm ak elaji rezo transpò piblik nou an. Pou finanse plan an, Gouvènè a ap pwopoze yon melanj ekilibre kontribisyon federal, eta, vil, ak MTA ann akò ak pratik istorik, ansanm ak nouvo sous revni yo dwe dakò sou li pandan negosyasyon bidjè a ak efikasite pri ki pral reyalize pa MTA. Inisyativ istorik sa a pral asire bon jan reparasyon pandan y ap avanse amelyorasyon ki pral benefisye plizyè milyon pasaje yo.

Ranfòse enfrastrikti nou yo ak rekonekte kominote yo

Rekonekte Kominote yo nan Albany ak Bronx

Otowout tankou Albany's Interstate-787 ak Cross Bronx Expressway te divize katye yo, yo te deplase fanmi yo epi yo kontinye inegalite pandan plizyè deseni. Bati sou pwojè enfrastrikti transfòmatif tankou rekonstriksyon Interstate-81 nan Syracuse, Gouvènè Hochul pral avanse plan pou rekonekte kominote sa yo. Nan Albany, DOT pral eksplòre opsyon pou pwojè tankou pwojè pou reyimajine Litoral Albany an, pou fè l antre nan revizyon anviwonmantal ak konsepsyon konseptyèl nan fen ane a. Nan Bronx, sou baz etid vizyon aktyèl la, DOT pral fè yon etid planifikasyon ak lyen anviwonmantal pou gade opsyon yo, ki gen ladan limite pòsyon Cross Bronx Expressway la, an kowòdinasyon ak Vil Nouyòk ak tout moun ki gen enterè lokal yo.

Envesti nan Wout Nouyòk yo ak Transpò nan tout Eta a

Gouvènè Hochul pral retabli pouvwa acha Plan Kapital Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk la pou abòde ogmantasyon pri konstriksyon, pou asire pwojè aktyèl yo rete sou bon wout la. Investisman sa a pral ralanti deteryorasyon byen yo, kenbe enfrastruktir enpòtan, asire kapasite pou kenbe pavyaj epi sipòte establiite ekonomik nan tout eta a. Lè Gouvènè a rekonèt enpòtans investisman nan wout lokal yo, Gouvènè a pral pwopoze kenbe finansman atravè Pwogram Amelyorasyon Lari ak Otowout Lokal Konsolide yo ak Pwogram Wout Touristik Eta a, ki pèmèt kominote yo jere ak reyalize pwojè yo yon fason efikas. Anplis de sa, Gouvènè a pral bay nouvo finansman nan sistèm transpò atravè Eta a, ranfòse kapasite yo pou sèvi bezwen rejyonal yo. Investisman sa yo pral asire rezo transpò Nouyòk la rete an sekirite, fyab, ak aksesib pou tout moun.

Lari, twotwa ak liy bisiklèt ki pi an sekirite

Amelyore Sekirite pou zòn travay ak travayè transpò yo

Zòn travay yo rete danjere, epi travayè otowout yo fè fas a ogmantasyon risk, tankou plis pase 40 ensidan arasman oswa agresyon depi 2022. Gouvènè Hochul pral pwopoze fè pwogram Aplikasyon Lwa Vitès nan Zòn Travay Otomatik la pèmanan epi elaji l pou l enkli Pon ak Tinèl MTA yo ak pwopriyete Otorite Pon NYS yo. Anplis de sa, li pral entwodui lejislasyon pou amelyore penalite pou agresyon kont travayè transpò yo, pwolonje pwoteksyon kounye a bay anpil travayè MTA ak travayè ki vann an detay yo. Aksyon sa yo pral amelyore sekirite pou travayè yo ak chofè yo.

Amelyore sekirite nan entèseksyon lekòl elemantè Vil Nouyòk yo

Aksidan nan entèseksyon nan Vil Nouyòk yo reprezante mwayen nan tout moun ki mouri nan trafik yo ak 60 pousan ki se lanmò pyeton nan tout vil la, epi vizibilite limite tou pre pasaj pou pyeton yo se yon gwo risk ki kontribiye ladan. Gouvènè Hochul pwopoze pasaj "lajounen" toupri lekòl primè yo nan Vil Nouyòk, pou pwoteje timoun yo nan kote ki pi vilnerab yo. Lè Gouvènè Hochul asire ke entèseksyon sa yo rete klè ak vizib, l ap priyorize sekirite timoun nou yo ap k ap mache oswa monte bisiklèt pou ale lekòl la ansanm ak gad k ap travèse timoun lekòl yo ki sijè a kondisyon danjere pandan y ap travay la.

Reklasifye bisiklèt elektrik klas 3 ki lou anpil kòm siklomotè

Itilizasyon bisiklèt elektrik k ap grandi nan Vil Nouyòk te souliye enpòtans pou yo itilize yo yon fason responsab epi san danje pou evite aksidan ki enplike pyeton oswa lòt itilizatè woutye yo. Pandan ke règleman ki egziste deja limite lajè ak vitès bisiklèt elektrik yo, yo pa adrese pwa maksimòm, ki dirèkteman gen rapò ak gravite blesi a nan aksidan. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze reklasifye bisiklèt elektrik klas 3 ki lou anpil ki peze 45 kg (100 liv) oswa plis kòm siklomotè, ki egzije yon pèmi kondwi ak enskripsyon pou opere li. Chanjman sa a pral retire bisiklèt elektrik ki pi lou ak pi danjere yo nan liy bisiklèt yo, sa k ap amelyore sekirite pou pyeton yo ak lòt siklis yo.

Pèmèt Vil Nouyòk diminye limit vitès nan liy bisiklèt yo

Vil Nouyòk ta dwe gen zouti ki nesèsè yo pou kontwole lari li yo, tankou asire ke plis itilizasyon bisiklèt elektrik ak aparèy mikwomobilite yo responsab epi yo an sekirite.

Gouvènè Hochul pral pwopoze pou elaji bwat zouti Vil la nan zòn sa a lè li bay li otorite legal eksprime pou bese limit vitès maksimòm nan liy bisiklèt yo. Chanjman sa a pral ede Vil la amelyore sekirite pou itilizatè wout yo ak pyeton yo pandan y ap kenbe desizyon y ap pran nan nivo lokal la ki pi byen kapab kontwole peyizaj lari ki vibran ak konplèks Vil Nouyòk.

Anons jodi a bati sou siksè Gouvènè a te genyen pandan dènye ane a ki enkli:

- Li te siyen yon akò finansman total 6.88 milya dola Kapital Investisman, li te siyen yon akò sibvansyon Patenarya Federal ak Eta a 3.8 milya dola, epi li te garanti 4 milya dola nan prè nan men Depatman Transpò Etazini ak patnè finansman lokal yo pou Pwojè Tinèl Pòtay Hudson lan — pi gwo pakè finansman enfrastrikti piblik ak federal nan istwa Etazini — ki pèmèt kòmansman gwo konstriksyon sou pwojè enfrastrikti ki pi enpòtan nan peyi a.
- Konstriksyon byen bonè avanse nan Metwo Second Avenue an nan Faz 2 a, yon pwojè jenerasyonèl pou pote ekite transpò nan East Harlem ak nouvo estasyon aksesib.
- Resevwa apwobasyon final ak konplè nan men Administrasyon Transpò Federal ak Vil Nouyòk pou avanse sou pwojè a pou ranplase Tèminal Otobis Midtown ki aje ak yon etablisman klas mondyal.
- Te siyen yon akò sibvansyon 1.6 milya dola pou pwojè Aksè nan estasyon Metro-North Railroad Penn Station, ki pral kreye kat nouvo estasyon nan Bronx epi ekonomize vwayajè yo jiska 75 minit chak jou.
- Konsepsyon avanse pwojè Interborough Express la, ki pwomèt vwayaje ki pi rapid nan ak ant Brooklyn ak Queens lè li konekte ak 17 liy tren ak 51 wout otobis.
- Li te kòmanse konstriksyon epi selebre yon sibvansyon 215 milyon dola pou sipòte ranplasman Pon Wout Ray Livingston Avenue ki aje ki travèse Rivyè Hudson ak amelyore sèvis tren pasaje ak machandiz atravè Koridò Empire a.
- Konstriksyon ap pwogrese nan faz inisyal Pwojè Vyadik Interstate-81 an, ki pral rekonekte kominote defavorize yo nan vil Syracuse ki te koupe pa konstriksyon otowout nan ane 1950 ak ane 1960 yo.
- Lanse pwogram pri konjesyon Nouyòk la k ap mennen nan peyi a ki gen yon rediksyon 40 pousan nan tout peyaj pou veyikil k ap antre nan Distri Biznis Santral (Central Business District, CBD) Vil la. Plan an gen ladan tou nouvo zouti pou diminye anbouteyaj ak polisyon nan lè a nan kominote yo nan tout vil la pandan y ap ranmase 15 milya dola pou pwogram kapital Otorite Transpò Metwopoliten (MTA) an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)